



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV ANTI-ASÈLMAN AK ANTI-DISKRIMINASYON POU CHANM EGZEKITIF LA AK POU TOUT GOUVÈNMAN ETA A

[Nan yon mesaj videyo](#), Gouvènè Hochul te raple tout anplwaye Eta yo dwa yo pou yo gen yon espas travay ki pa gen diskriminasyon ak asèlman ilegal

Chanm Egzekitif la pral kenbe yon konpayi endepandan pou investige nenpòt reklamasyon sou diskriminasyon ak asèlman ilegal, epi kreye nouvo depatman Resous Zimèn

Prèske 200 anplwaye nan chanm lan te patisipe nan fòmasyon obligatwa sou etik depi lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo inisyativ ki vize pou inogire yon nouvo epòk nan gouvènman Eta a ak anndan Chanm Egzekitif la. Nan yon [mesaj videyo](#) li te voye bay tout travayè Eta a yo, Gouvènè Hochul te reyafime angajman li pou yon espas travay ki pa gen entimidasyon ak diskriminasyon, e li te enfòme travayè yo sou fason pou yo depoze yon plent kont asèlman oswa diskriminasyon ilegal. Gouvènè Hochul te anonse tou nouvo inisyativ ki vize pou kreye yon espas travay ki an sekirite epi ki gen respè nan Chanm Egzekitif la ki gen ladan kenbe yon konpayi endepandan pou mennen investigasyon sou tout reklamasyon diskriminasyon oswa asèlman nan espas travay yo, mande tout anplwaye Chanm yo patisipe nan fòmasyon an pèsòn, ak etabli yon nouvo depatman Resous Zimèn anndan Chanm Egzekitif la.

"Depi moman mwen te antre an fonksyon an, mwen te fè li yon priyorite pou chanje radikalman kilti nan politik Albany an ak ankouraje yon anviwonman ki gen respè epi ki kolaboratif pandan n ap sèvi pèp New York la", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Tout moun gen dwa pou yo jwenn yon espas travay ki pa gen okenn diskriminasyon oswa asèlman ilegal. Nouvo mezi n ap aplike nan Chanm Egzekitif la ak atravè gouvènman Eta a make yon gwo etap an avan pou asire ke Nouyòkè yo jwenn lidèchip yo merite nan men fonksyonè piblik yo nan pi wo nivo yo."

Nan mesaj videyo a ak nan yon lèt li voye bay tout anplwaye Eta New York yo, Gouvènè Hochul te anonse ke Eta New York pral anbake nan yon nouvo pwogram fòmasyon an dirèk pou tout moun nan gouvènman Eta a pou diskite sou lwa ki pwoteje travayè yo kont diskriminasyon ak asèlman ilegal. Gouvènè Hochul raple travayè Eta yo pwosesis pou depoze yon plent nan Biwo Relasyon Anplwaye Gouvènè (Governor's

Office of Employee Relations) a, epi li reyafime politik zewo tolerans Eta a kont reprezay.

Pou wè mesaj videyo Gouvènè Hochul voye bay tout anplwaye eta yo, [klike isit la](#).

Gouvènè Hochul te mande administrasyon li tou pou kenbe Calcagni Kanefsky, LLP, yon konpayi endepandan, deyò ki pral mennen investigasyon sou nenpòt reklamasyon sou diskriminasyon, asèlman, ak reprezay ilegal nan Chanm Egzekitif la. Calcagni Kanefsky, LLP pral fè konklizyon san okenn entèferans ki soti nan Chanm Egzekitif la, rapòte tout konklizyon yo bay Biwo Konsèy la, epi li pral rekòmande disiplin apwopriye ak aksyon korektif. Kòm yon pati nan anons sa a, tout anplwaye Chanm yo te resevwa resous pou edike tèt yo sou fason ki fasil ak konfidansyèl pou depoze yon plent.

Etap adisyonèl pou adrese asèlman ak diskriminasyon gen ladan fòmasyon obligatwa an pèsòn pou tout anplwaye Chanm yo ansanm ak kreye yon nouvo depatman Resous Zimèn anndan Chanm Egzekitif la. Depi lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon nan mwa out la, prèske 200 anplwaye nan Chanm lan - alafwa nouvo anplwaye yo ak anplwaye veteran yo - deja resevwa fòmasyon etik ki kouvri divulgasyon finansye, estanda konduit, Lwa sou Ofisye Piblik yo, JCOPE ak plis ankò.

Depi premye jou administrasyon li an, Gouvènè Hochul te priyorite etik, transparans, ak chanje kilti gouvènman Eta a. Sa gen ladann gwo chanjman pèsònèl tankou nonmen yon nouvo Enspektè Jeneral, sa ki mete fen nan inisyativ kontwovèsè "konseye espesyal" la nan ajans eta yo, ak ranplase tout anplwaye Chanm yo ki te nonmen nan rapò Pwokirè Jeneral la. Gouvènè Hochul te mande tout chèf ajans yo tou pou yo soumèt plan transparans yo, pran mezi pou diminye aryere FOIL la nan Chanm Egzekitif la, e li deja kòmanse konvèsasyon ak moun ki gen enterè kle yo sou fason pou renove JCOPE la.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418